





PREKOSYON AK ELEKTRISITE



Enfòmasyon sa yo se pou pwoteje tèt ou ak elektrisite. Yo ka ede ou evite danje ak chòk elektrik. Lè ou nan travay, ou fèt pou toujou obsève prensip pou pwoteje tèt ou kont danje.

- ✓ Kenbe kote wap travay la pwòp epi sèk.
- ✓ Pa janm travay kote ki gen elektrisite lè swa oumenm oswa zouti ou yo mouye.
- ✓ Lè ou yon kote ki mouye oswa ki gen imidite ladan, toujou sèvi ak pwoteksyon GFCI.
- ✓ Tcheke tout kòd ekstansyon pou ou ka sèten yo pa gen domaj ladan yo, ni yo pa fann, ni yo pa koupe, ni yo pa kase.
- ✓ Toujou sèvi ak koneksyon elektrik ki byen soutni anplas.
- ✓ Lè fil elektrik la gen twa tèt, piga retire twazyèm tèt la pou ou fè li rantre nan yon plòg ki gen de tèt.
- ✓ Kenbe zouti elektrik pwòp epi kenbe yo nan bon kondisyon pou ou ka travay avèk yo.
- ✓ Pa janm sèvi ak ekipman ki mache ak elektrisite sou nechèl ki fèt an aliminyòm epi ki kondwi elektrisite.
- ✓ Pa travay sou ekipman elektrik ni tou pre ekipman elektrik amwenke ou konnen pa gen okenn lòt moun ki ka fè ekipman elektrik la mache.
- ✓ Pa eseye netwaye gwo machin elektrik pandan yo tou ploge.
- ✓ Pa eseye repare zouti elektrik ki pa mache. Mete yon etikèt "Out of Service" ["Anpann"] sou zouti elektrik la, epi fè sipèvizè ou konn sa.
- ✓ Pa kite machin nan ploge lè pa gen moun kap sèvi avèk li.
- ✓ Si ou gen kesyon, mande sipèvizè ou.






PREKOSYON AK PWODWI CHIMIK

Anpil pwodwi chimik ki popilè ka koze danje si yon moun pa sèvi byen avèk yo. Pwodwi pou netwaye, pwodwi ki ka fonn lòt pwodwi ak detèjan se kalite pwodwi chimik ki ka koze danje si yon moun pa sèvi byen avèk yo. Si ou gen kèk ti “konsèy tou kout sou prekosyon pou ou pran ak pwodwi chimik”, sa ka ede ou pwoteje tèt ou epi pwoteje lòt moun kont danje ki genyen nan pwodwi chimik. Sipèvizè ou ka ba ou plis enfòmasyon sou fason pou ou rekònnèt danje ki genyen nan pwodwi chimik. Li ka di ou kouman pou ou sèvi avèk yo, kote pou ou sere yo, ak ekipman ou bezwen pou pwoteje tèt ou lè wap sèvi avèk yo. Harvard University vle pou chak jou pase san pa gen danje pou ni oumenm ni pou fanmi ou!

- ✓ Toujou li etikèt ki sou pwodwi yo anvan ou sèvi avèk yo.
- ✓ Chak pwodwi chimik gen MSDS (Fèy Enfòmasyon sou Prekosyon pou Pran ak Materyèl la) ladan. MSDS pale de danje espesyal pwodwi a ka koze. Kontakte sipèvizè ou si ou vle li enfòmasyon ki nan MSDS la. Si ou pa konnen ki danje yo ye, mande sipèvizè ou.
- ✓ Toujou mete pwòp ekipman pa ou (gan, gwo linèt pwotèj, eksetera) pou ba ou pwoteksyon ou bezwen an lè wap sèvi ak pwodwi chimik.
- ✓ Swiv tout avètisman epi obsève tout machaswiv ki sou etikèt yo. Pa melaje pwodwi chimik ansanm!
- ✓ Chèche konnen danje ki genyen nan chak pwodwi chimik wap itilize.
- ✓ Aprann prensip pou kadijans yo pou si oumenm oswa lòt moun ta nan sityasyon kote yo gen kontak ak pwodwi chimik ki gaye oswa vapè ki soti nan pwodwi chimik la.
- ✓ Fèmen tout boutèy/bwat pwodwi chimik lè ou pap sèvi avèk yo. Mete pwodwi chimik yo yon kote ki frèt epi ki sèk.
- ✓ Sèvi ak pwodwi chimik yon kote ki byen ayere sèlman.
- ✓ Ou fèt pou konnen boutèy/bwat pwodwi chimik yo gen etikèt ki gen bon jan enfòmasyon an sou yo. Si ou pa gen bon jan etikèt la, mande sipèvizè ou.
- ✓ Ou fèt pou sèten ou byen melanje pwodwi chimik yo. Pa depase kantite pwodwi chimik sistèm ki kontwole pwodwi chimik konsantre a mande pou mete lè wap delye pwodwi chimik la.





FATRA KI GEN DANJE LADAN

Se Lalwa!

Lalwa Eta a ak Lalwa Federal egziye fason espesyal pou kontwole/ak manipile fatra ki gen danje ladan yo. Lalwa egziye pou yo idantifye fatra, pou sere fatra nan poubèl ki byen kontwole, pou chwazi kote fatra monte pil sou pil, ak klas pou bay enfòmasyon sou fatra ki gen danje ladan yo chak ane.

Kisa yon Fatra ki Gen Danje Ladan Ye?

Kalite fatra ki gen danje ladan yo se dechè lwil, dechè penti, aparèy ki gen pwodwi ki pou bay frechè ladan yo men ki pa ka sèvi ankò, boutèy espre, vye rad ki gen pwodwi ki delye pwodwi chimik ladan yo, eksetera.

Ki Responsablite mwen genyen?

- ✓ Ou fèt pou konnen kiyès nan fatra ou yo ki fatra ki gen danje ladan. Nan fatra ou fè yo, idantifye fatra ki gen danje ladan yo (lè ou pa fin sèten, mande sipèvizè ou)
- ✓ Jete fatra ki gen danje ladan yo nan poubèl yo mete pou fatra sa yo sèlman tou pre Satellite Accumulation Area [Zòn yo Mete Apa pou Fatra] (SAA) ki pi pre a. Sipèvizè ou ap montre ou kote SAA ki pi pre a ye.
- ✓ Tcheke etikèt ki sou poubèl fatra a pou ou ka konnen wap jete fatra a nan poubèl ki yo mete la pou jete kalite fatra sa yo. Si pa gen poubèl pou fatra pa ou la, pale ak sipèvizè ou imedyatman.
- ✓ Apre ou fin mete fatra a nan yon poubèl, ou fèt pou asire tèt ou ou byen fèmen kouvèti bwat poubèl la.
- ✓ Lè ou fin ranpli yon poubèl, fè sipèvizè ou konnen imedyatman. Yo fèt pou retire poubèl la anvan 3 jou pase.
- ✓ Kenbe zòn SAA nan yon eta ki pwòp, byen ranje pou ou ka konnen ou fè bon menaj nan zòn nan. Tcheke zòn nan chak semèn pou ou ka wè si etikèt yo kòrèk ak si gen poubèl ki koule.
- ✓ Fè sipèvizè ou konnen imedyatman si gen poubèl ki koule, fatra ou pa ka idantifye, oswa fatra ki abandone, ak kote ki pa netwaye. Si gen yon kote ki gen anpil poubèl ki koule, kontakte University Operations Center nan 495-5560.
- ✓ Pa janm vide penti, ni lwil, ni pwodwi pou delye lòt pwodwi chimik nan yon evye ni jete yo nan yon gwo, gwo bwat fatra!

REFER TO LABELING INSTRUCTIONS ON REVERSE

HAZARDOUS WASTE

FEDERAL LAW PROHIBITS IMPROPER DISPOSAL

CONTENTS

USE FULL CHEMICAL NAME
NO FORMULAS OR ABBREVIATIONS

1. _____ %
2. _____ %
3. _____ %
4. _____ %

HAZARDS: (SEE REVERSE SIDE)

FLAMMABLE OXIDIZER
 CORROSIVE POISON
 OTHER (SPECIFY) _____

MARK DATE WHEN FULL OR READY FOR PICK UP

DATE: _____

Building _____ Room No. _____
Fill/Manager _____
Phone _____



KOUMAN POU ANPECHE PWODWI TONBE

Se Lalwa !

Lalwa Eta a ak lalwa Federal egzije pou Harvard mete yon Spill Prevention Control & Countermeasures (SPCC) Plan [Plan pou Anpeche ak Kontwole Pwodwi ki Tonbe ak Mezi pou Si Ta Gen Pwodwi ki Tonbe] an plas. Plan an fèt pou dekri prensip Harvard genyen pou anpeche, pou reponn ak rapòte materyèl ki tonbe epi ki gen danje ladan yo. Nan travay ou, ou gen pou ou (oswa ou gen posiblite pou ou) manyen pwodwi chimik, epi ou ka menm gen pou ou sèvi ak pwodwi pou netwaye, pwodwi pou sire planche, gazolin, lwil, penti, pwodwi pou kenbe atik fre, eksetera. Ou fèt pou konprann responsablite ou genyen pou anpeche akpou kontwole pwodwi ki ka tonbe pou ou ka konnen ou fè tout sa ou kapab pou anpeche pwodwi a tonbe, epi pou ou ka fè rapò ki nesèsè a lè gen pwodwi ki tonbe.

Kisa yon Likid ki Tonbe pa Aksidan ye ?

Pwodwi ki tonbe pa aksidan se yon pwodwi ki tonbe kote anplwaye ap travay epi anplwaye Harvard ki abitye travay nan danje ki genyen lè pwodwi tonbe ka kontwole ak netwaye pwodwi ki tonbe a. Pwodwi ki Tonbe pa Aksidan PA gen tan rive nan anviwonman an (pa egzanp, salte ki soti nan planche, salte ki soti nan evye, tè, eksetera). Si yon pwodwi ki tonbe gen tan rive nan anviwonman an, ou fèt pou rapòte li imedyatman bay the University Operations Center nan



Ki responsablite ou genyen?

- ✓ Fè travay ou gen pou fè ak pwodwi chimik lan ak anpil atansyon pou ou ka anpeche pwodwi chimik lan tonbe.
- ✓ Sere pwodwi chimik lan yon kote ak yon fason pou pa gen danje.
- ✓ Si pwodwi chimik lan tonbe, evalye sitiyasyon pwodwi chimik ki tonbe a. Si ou kapab fè sa ak prekosyon, pwoteje veso ki pi pre ak kote pwodwi chimik la tonbe a (pa egzanp, kouvèti tiyo ki nan planche yo, fèmèn bouchon ponp basen, eksetera)
- ✓ Netwaye pwodwi chimik ki tonbe PA ADSIDAN an, epi eseye kontwole pwodwi ou netwaye yo kòm si se DECHE KI GEN DANJE ladan yo yo te ye.
- ✓ Rapòte TOUT lòt pwodwi chimik ki tonbe (KI PA FÈT PA AKSIDAN) imedyatman bay University Operations Center nan 495-5560.
- ✓ Chèche konnen ki kote ak kouman pou sèvi ak ekipman pou pwodwi chimik ki tonbe a.



EYE PROTECTION

EKIPMAN POU PWOTEKSYON PÈSONÈL (PPE)



FOOT PROTECTION

- ✓ Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl (PPE) ka ede ou pwoteje kò ou ak lasante ou kont danje. Ou itilize yon Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl tou depann de kalite danje ki ka prezante a.
- ✓ Danje fizik kont kò ou se:
 - ◆ Bagay ki tonbe, ki deplase oswa kap vole
 - ◆ Chalè oswa frede
 - ◆ Ekipman oswa pyès kap deplase
 - ◆ Bagay ki file/pwenti oswa ki ka koupe
- ✓ Danje kont lasante ou se:
 - ◆ Sitiyasyon kote ou ka gen kontak ak pwodwi chimik
 - ◆ Materyèl ou ka respire oswa ki ka irite je ou oswa po ou
- ✓ Pwoteje je ou yo! Toujou mete gwo linèt pwotèj, linèt pou pwoteksyon kont danje oswa pwotèj pou figi lè ou nan sitiyasyon kote pwodwi chimik ka rantre nan je ou.
- ✓ Si ou mete gan pou pwoteje men ou, sa ka ede ou evite blese men ou oswa fraktire men ou. Gan an kawotchou, gan an kawotchou sentetik (neoprene) oswa gan an vinil ap ba ou pwoteksyon kont pwodwi chimik. Gen gan diferan pou chak pwodwi chimik diferan. Ki fè, pale de sa ak sipèvizè ou.
- ✓ Si ou mete pwotèj pou pye ou, sa ka ede ou evite anpil danje pou pye ou. Si ou travay ak bagay ki lou, ki kapab kraze pye ou, mete soulye ki gen pwotèj an fè pou pwoteje zòtèy ou. Lè wap travay tou pre pwodwi chimik, oswa tou pre dlo, oswa tou pre twou egou, mete bòt ki fèt an kawotchou oswa bòt ki rezistan a pwodwi chimik.
- ✓ Ou fèt pou mete yon chapo ki di (yon kaskèt) lè gen bagay kap tonbe oswa lè gen kote ou kapab al frape tèt ou.
- ✓ Pafwa tout kò ou bezwen pwoteksyon. Gen travay ki egzije pou ou mete rad ki pou ba ou pwoteksyon nan tout kò ou oswa pou ou mete yon tabliye pou ou ka pwoteje tèt ou kont danje nan anviwonman kote wap travay la.
- ✓ Si ou pa fin konnen ki PPE pou itilize oswa si ou pa gen bon jan PPE ki nesèsè a, mande sipèvizè ou.





MIKWÒB NAN SAN KI KA KOZE MALADI AK PWOTEKSYON BYOLOJIK

- ✓ Anjeneral bwat poubèl pou bagay ki ka pike oswa blese moun nan fèt ak yon materyèl ki fèt ak yon plastik rijid epi li gen koulè wouj ak yon etikèt sou li.



- ✓ Fè atansyon ak bagay ki file/pwenti oswa ki ka koupe, ki ka pike ou oswa blese ou lè wap ranmase fatra òdinè. Lè wap pote sache ki fin plen ak fatra yo, toujou mete yo lwen kò ou pou bagay ki file/pwenti oswa ki ka koupe, ki ka pike ou oswa ki ka blese ou ka pa pike ou ni blese ou.

- ✓ Si ou pike tèt ou ak yon zegwi oswa yon lòt bagay ki pike oswa file pa aksidan pandan wap transpòte sache fatra ki gen bagay ki file/pwenti oswa ki ka koupe pike ou oswa blese ou, imedyatman lave kote ki afekte a ak savon ak dlo kap koule nan tiyo pandan apeprè 10 minit. Fè sipèvizè ou konnen toudswit posib. Si ou fè yon gwo blesi, oswa yon blesi ki menase lavi ou, fè rele sipèvizè a imedyatman pou li ka fè aranjman pou tretman medikal.



- ✓ Rapòte frakti a bay sipèvizè toudswit posib.
- ✓ Ale nan University Health Services imedyatman pou yo ka fè bon jan tretman ki nesèsè yo ak pou lòt vizit anplis.



- ✓ Pa netwaye san ki tonbe ni ranmase zegwi ak sereng ki kontamine epi ki tonbe. Se sèl anplwaye ki gen aprann kouman pou yo fè sa ak anplwaye ki gen eskperyans nan netwaye san ki tonbe ak ranmase zegwi ak sereng ki tonbe ki ka fè netwayaj la. Rele Operations Center nan 495-5560 pou fè aranjman pou yo vin netwaye san ki kontamine epi ki tonbe a.



KOUMAN POU KONTWOLE TI BÈT NWIZIB

- ✓ Si ou wè ravèt, sourit, founi oswa lòt ti bèt nwizib, rapòte yo bay sipèvizè ou.
- ✓ Rapòte ki kantite ti bèt nwizib ou wè ak ki kote egzakteman ou te jwenn ti bèt nwizib yo. Bay sipèvizè ou non bilding nan, nimewo sal la ak ki kote andedan sal la ou wè ti bèt nwizib yo.
- ✓ Si ou wè yon oposòm, gwo rat, chòvsouri, koulèv, rat oswa lòt gwo bèt, pa eseye kenbe yo. Rapòte sa imedyatman bay University Operations Center (495-5560).
- ✓ Si ou wè yon zwazo ki mouri, yon rat mouri, yon ekirèy oswa yon lòt bèt mouri, pa manyen li amwenke ou mete gan. Vlope li nan yon sache fatra epi jete li nan yon gwo gwo bwat fatra ki deyò a. Fè sipèvizè ou konnen ou jete ti bèt nwizib la.
- ✓ Pa janm sèvi ak pwodwi pou tiye bèt pou ou ka kontwole ti bèt nwizib nan Harvard University. Nou gen konpayi nou kontakte pou kontwole ti bèt nwizib. Epi se responsablite konpayi sa yo pou yo sèvi ak pwodwi chimik pou kontwole ti bèt nwizib.
- ✓ Si ou gen kesyon sou ti bèt nwizib, oswa sou kouman pou kontwole yo, kontakte EH&S Pest Control Office nan 495-1983 epi nap ede ou.

